



# YON GID POU LOKATÈ YO

Granmoun Aje (ki Gen 62 zan  
ak plis) ak Moun ki Andikape



MINISIPALITE VIL NEW YORK  
BIWO MAJISTRAA  
NEW YORK, NY 10007

Chè Moun New York:

Nou kontan pou fè ou konnen limit revni pou pwogram Egzanpsyon nan Ogmantasyon Pri Lwaye pou Granmoun Aje [Senior Citizen Rent Increase Exemption (SCRIE)] ak Egzanpsyon nan Ogmantasyon Pri Lwaye pou Moun Andikape [Disability Rent Increase Exemption (DRIE)] te ogmante a \$50,000 dola pou ede plis granmoun aje ak moun andikape kenbe pri lwaye yo bon mache. Gid sa a pral ede ou detèmine si ou kalifye pou avantaj sa yo epitou l ap ede ou avèk metòd aplikasyon an.

Si ou ta renmen aplike sou entènèt oswa si ou bezwen yon aplikasyon nan lang Bangalè, Chinwa, Anglè, Koreyen, Ris oswa Panyòl, tanpri ale sou sitwèb Depatman Finans (Department of Finance) nan [www.nyc.gov/finance](http://www.nyc.gov/finance). Ou kapab mande lòt enfòmasyon ak aplikasyon yo tou nan lang sa yo depi ou rele 311 oswa depi ou pase nan biwo SCRIE/DRIE nan 66 John Street nan Manhattan. Aplikasyon nan lòt lang yo pral disponib nan jou k ap vini yo.

Depatman Finans (Department of Finance) espere sèvi ou, epi nou ankouraje tout moun New York ki kalifye pou yo aplike pou pwogram SCRIE/DRIE.

Ak tout kè nou,

Bill de Blasio  
Majistra

Jacques Jiha  
Commissioner, NYC Depatman Finans

# SA KI NAN LIV LA

<b>SEKSYON 1: KISA PWOGAM ESTABILIZASYON PRI LWAYE VIL NEW YORK YE?</b>	<b>1</b>
<b>SEKSYON 2: KALIFIKASYON AK ADMISIBILITE</b>	<b>2</b>
Pwogram Egzanpsyon nan Ogmantasyon Pri Lwaye pou Granmoun Aje [Senior Citizen Rent Increase Exemption (SCRIE)]	2
Pwogram Egzanpsyon nan Ogmantasyon Pri Lwaye pou Moun Andikape [Disability Rent Increase Exemption (DRIE)]	2
Apatman ki pa Kalifye	3
Kondisyon pou kalifye dapre revni	3
Kijan Finans kalkile revni mwen?	4
Ki dediksyon yo gen pèmisyon pou fè lè y ap kalkile revni pou pwogram nan?	4
Ki dediksyon yo pa gen pèmisyon pou fè lè y ap kalkile revni pou pwogram nan?	4
Kijan pou mwen montre revni mwen si mwen pa fè deklarasyon taks sou revni?	4
Fason Finans detèmine si pri lwaye mwen pi plis pase 1/3 revni mwen	5
<b>SEKSYON 3: ESTABILIZASYON PRI LWAYE OU</b>	<b>6</b>
Fason Finans detèmine pri lwaye ki estabilize	6
Ogmantasyon ki konsène ki endike nan estabilizasyon pri lwaye ou	7
Kilè SCRIE/DRIE peye yon ogmantasyon akòz Gwo Amelyorasyon Enpòtan [Major Capital Improvement (MCI)]?	8
Kilè SCRIE/DRIE pa peye yon ogmantasyon akòz Gwo Amelyorasyon Enpòtan [Major Capital Improvement (MCI)]?	8
Ki kalite frè SCRIE/DRIE PA peye?	8
Mwen peye yon kantite lajan lwaye ki pi piti pase pri lwaye legal la (ki rele Pri Lwaye Preferansyèl souvan), èske w ap estabilize pri lwaye mwen nan kantite lajan ki pi ba a?	8

<b>SEKSYON 4: MOUN KI APLIKE POU PREMYE FWA</b>	<b>9</b>
Dokiman pou voye ba Finans	9
Si yon lòt moun nan kay la gen SCRIE oswa DRIE deja, èske yon lòt moun nan kay la kapab aplike pou SCRIE?	11
Èske mwen kapab aplike pou pwogram nan si se premye kontra lwaye mwen nan apatman mwen oswa menmsi mwen pa t resevwa yon ogmantasyon nan pri lwaye a?	11
Èske mwen bezwen pèmisyon mèt kay la pou mwen aplike?	11
Èske mèt kay la kapab refize patisipe nan pwogram Egzanpsyon nan Ogmantasyon Pri Lwaye Vil New York?	11
Èske mèt kat mwen kapab degèpi mwen poutèt mwen peye yon pri lwaye ki pi ba pase lòt lokatè yo?	11
Èske avantaj la ap pwoteje mwen kont degèpisman?	11

<b>SEKSYON 5: APLIKASYON OU SOUMÈT. EBYEN?</b>	<b>12</b>
Metòd revizyon ak avi yo	12
Fason pou konteste	13
Lè avantaj ou fini	13
Si li pran kèk mwa pou yo apwouve aplikasyon mwen, èske mèt kay mwen ap resevwa yon kredi retwo-aktif?	14
Si yo bay yon kredi retwo-aktif pou mèt kay mwen, èske mwen ka mande pou yo ban mwen kredi a sou fòm yon peman lajan kach?	14
Èske m ap resevwa yon chèk nan Finans si yo apwouve mwen?	14
Aplikasyon an mande yon reprezantan lokatè, èske mwen bezwen youn?	14

<b>SEKSYON 6: RENOUVELMAN AVANTAJ OU</b>	<b>15</b>
Aplikasyon pou renouvèlman	15
Dokiman ki obligatwa pou soumèt avèk renouvèlman ou	15
Kisa pou mwen fè si mwen pa gen yon renouvèlman kontra lwaye?	16
Kijan pou mwen tcheke sitiyasyon aplikasyon renouvèlman mwen ak avantaj mwen?	17
Èske mèt kay mwen ap resevwa kredi li si mwen bliye renouvle alè?	17
Èske gen yon peryòd-de-gras mèt kay mwen dwe kontinye pou respekte pou pri lwaye estabilize mwen?	17
Kisa pou mwen fè si mwen pa renouvle avantaj mwen yo men mwen kontinye peye kantite lajan pri lwaye estabilize mwen pandan peryòd-de-gras sis (6) mwa yo?	17

<b>SEKSYON 7: CHANJMAN PANDAN PERYÒD AVANTAJ LA</b>	<b>18</b>
Ou al abite nan yon lòt apatman?	18
Fason Finans ap detèmine nouvo kantite lajan pri lwaye estabilize mwen nan nouvo apatman an	18
Kisa k ap pase si yo ogmante pri lwaye mwen akòz Gwo Amelyorasyon Enpòtan [Major Capital Improvement (MCI)] pandan peryòd avantaj mwen?	19
M ap resevwa DRIE nan moman an epi mwen te vin gen laj 62 zan. Èske mwen gen pou transfere nan SCRIE?	19
Kisa k ap pase nan avantaj mwen yo lè mwen mouri?	19
Èske fanmi mwen kapab eritye avantaj mwen yo?	19
Kijan yon manm fanmi mwen ap aplike pou resevwa avantaj mwen yo?	20
Èske pri lwaye estabilize mwen kapab redui si gen yon diminisyon nan revni moun lakay mwen?	20
Kisa pou mwen fè si yon moun lakay mwen ki vivan kalifye pou DRIE men pa pou SCRIE?	20

<b>GLOSÈ TÈM YO</b>	<b>21</b>
<b>FÒM AK APLIKASYON YO</b>	<b>23</b>
<b>ENFÒMASYON POU PRAN KONTAK</b>	<b>25</b>

## **KISA** PWOGRAM ESTABILIZASYON PRI LWAYE VIL NEW YORK YE?

Nan ane 1970, Minisipalite Vil New York te kòmanse pwogram Egzanpsyon nan Ogmantasyon Pri Lwaye Moun Andikape [Disability Rent Increase Exemption (DRIE)], pou ofri granmoun aje ki kalifye yo yon egzanpsyon nan fiti ogmantasyon pri lwaye a. Nan ane 2005, yo te ogmante li pou mete lokatè andikape kalifye yo avèk pwogram Egzanpsyon nan Ogmantasyon Pri Lwaye pou Moun Andikape [Disability Rent Increase Exemption (DRIE)]. Ansanm, SCRIE ak DRIE rele Pwogram Estabilizasyon Pri Lwaye nan Vil New York. Pwogram sa a ede granmoun (ki gen laj 62 zan ak plis) ak lokatè ki gen andikap admisib pou yo rete nan lojman ki bon mache. Pou fè sa, pwogram nan estabilize pri lwaye yo. Avèk pwogram sa a, yon kredi nan taks kay peye diferans ant vrè kantite lajan pri lwaye a ak sa oumenm (lokatè a) responsab pou peye nan pri lwaye ki estabilize a.

Nan Depatman Finans Vil New York (NYC Department of Finance), objektif nou se pou asire ou konprann pwogram nan epitou pou resevwa avantaj ou gen dwa pou jwenn yo. Si ou se yon granmoun aje oswa yon lokatè andikape, gid sa a ap ba ou tout enfòmasyon nesèsè ou bezwen, tankou: Kondisyon pou kalifye, metòd aplikasyon an, avantaj yo, renouvèlman yo, ak repons pou kesyon moun poze souvan.

## KALIFIKASYON AK ADMISIBILITE

### POU KALIFYE POU PWOGRAM EGZANPSYON NAN OGMANTASYON PRI LWAYE POU GRANMOUN AJE (SENIOR CITIZEN RENT INCREASE EXEMPTION (SCRIE)), OU DWE:

- Gen laj 62 zan omwen;
- Se Chèf Kay la kòm lokatè prensipal ki deziyen sou kontra lwaye a/lòd pou pri lwaye a oswa yo dwe ba ou dwa siksesyon nan yon pri lwaye kontwole, yon pri lwaye estabilize, oswa yon apatman nan otèl ki gen pri lwaye kontwole;
- Gen yon revni total kay ou pou tout moun nan kay la ki se \$50,000 dola oswa mwens; epi
- Depanse plis pase yon tyè revni kay ou pa mwa nan peman lwaye.

Moun ki aplike pou SCRIE epi k ap viv nan yon Devlopman Lojman [Housing Development (HDFC)] oswa nan apatman Mitchell-Lama dwe kontakte Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman [Department of Housing, Preservation and Development (HPD)] pou yo aplike pou SCRIE. Pou jwenn aplikasyon yo ak plis enfòmasyon, tanpri rele nimewo 212-863-8494 oswa ale sou sitwèb [nyc.gov/hpd](http://nyc.gov/hpd).

### POU KALIFYE POU PWOGRAM EGZANPSYON NAN OGMANTASYON PRI LWAYE POU MOUN KI ANDIKAPE (DISABILITY INCREASE EXEMPTION (DRIE)), OU DWE:

- Gen laj 18 zan omwen;
- Non ou dwe endike sou kontra lwaye oswa sou lòd pri lwaye a oswa yo dwe te ba ou dwa siksesyon nan yon pri lwaye kontwole, pri lwaye estabilize, apatman nan otèl ki gen pri lwaye kontwole oswa yon apatman ki nan yon bilding kote prè ipotekè gen asirans federal dapre Seksyon 213 Lwa Nasyonal sou Lojman (National Housing Act), ki se pou devlopman Mitchell-Lama, konpayi lojman ki gen Dividann Limite, Konpayi Re-Devlopman oswa Sosyete Finansman Devlopman Lojman [Housing Development Fund Corporation (HDFC)] ki anrejistre anba Lwa sou Finansman Lojman Prive (Private Housing Finance Law) Eta New York;
- Gen yon revni total kay la ki se \$50,000 dola oswa mwens;
- Depanse plis pase yon tyè revni kay ou pa mwa nan peman lwaye;
- Yo dwe te akòde ou youn nan sa ki endike anba la a:
  - Revni Sekirite Siplemanntè [Supplemental Security Income (SSI)] Federal;
  - Asirans Federal pou Andikap nan Sekirite Sosyal [Social Security Disability Insurance (SSDI)];
  - Pansyon oswa konpansasyon pou andikap nan Depatman Afè Veteran Etazini (U.S. Department of Veterans Affairs); oswa
  - Medicaid akòz andikap si moun ki aplike a te resevwa swa SSI oswa SSDI anvan.

Menmsi yon kay  
ka kalifye pou  
toulède  
pwogram yo,  
lalwa pa bay  
pèmasyon pou  
yon kay gen  
SCRIE ak DRIE  
anmenmtan.

### **MEN KÈK NAN APATMAN KI PA KALIFYE:**

- Apatman lojman piblik ki anba kontwòl Administrasyon Lojman Vil New York [New York City Housing Authority (NYCHA)];
- Apatman yo peye anpati oswa okonplè avèk yon kupon Seksyon 8;
- Apatman ki pa gen pri lwaye kontwole (tankou apatman ki na kay prive ak bilding koperativ prive ki pa depannde kontwòl pri lwaye);
- Apatman yo sou-lwe (menmsi apatman an gen pri lwaye ki kontwole).

### **KONDISYON POU KALIFYE DAPRE REVNI:**

- Lè revni kay la melanje, li dwe se \$50,000 dola oswa mwens.
- Ou dwe rapòte revni pou tèt ou ak pou tout moun lakay ou, ansanm ak tout manm fanmi ou ki t ap viv nan apatman ou nan ane anvan aplikasyon ou:
  - Pa egzanp, si ou aplike nan ane 2015, tanpri soumèt dokiman revni ou pou ane sivil 2014 la.
  - Si ou lwe yon chanm nan men yon moun, ou pa bezwen mete revni moun nan. Men, ou dwe rapòte kantite lajan ou resevwa pa mwa nan lwaye kòm revni a.



### **KIJAN FINANS KALKILE REVNI MWEN?**

Pou kalkile revni pou detèmine si ou kalifye, yo mete tout sous revni yo. SCRIE ak DRIE itilize revni ki taksab ak revni ki pa taksab pou detèmine si ou kalifye dapre lejislasyon ki administre toulède pwogram yo. Men, kado ak eritaj PA endike nan revni.

### **KI DEDIKSYON YO GEN PÈMISYON POU FÈ LÈ Y AP KALKILE REVNI POU PWOGRAM NAN?**

- Taks federal, taks Leta ak taks lokal; ak
- Taks Sekirite Sosyal.

### **KI DEDIKSYON YO PA GEN PÈMISYON POU FÈ LÈ Y AP KALKILE REVNI POU PWOGRAM NAN?**

- Depans medikal;
- Prim asirans Medicare; ak
- Pèt kapital oswa biznis.

### **KIJAN POU MWEN MONTRE REVNI MWEN SI MWEN PA FÈ DEKLARASYON TAKS SOU REVNI?**

Ou pa gen obligasyon pou fè deklarasyon taks sou revni pou kalifye pou nenpòt nan Pwogram Egzanpsyon nan Ogmantasyon Pri Lwaye Vil New York. Men, ou dwe soumèt nenpòt dokiman ou genyen ki montre kijan oumenm ak moun lakay ou resevwa revni tankou etadkont Sekirite Sosyal, etadkont pansyon, etadkont IRA/Anwite (ansanm ak etadkont salè), fòm 1099 ak/oswa W2 IRS.

Si ou resevwa èd finansye fanmi oswa zanmi, tanpri soumèt yon lèt moun nan (yo) ki bay sipò a ki detaye kantite lajan an ak sitiyasyon an.

**FASON FINANS DETÈMINE SI PRI LWAYE MWEN PI PLIS PASE 1/3 REVNI MWEN**



**PLIS EGZANP KI BAZE SOU DIFERAN REVNI ANYÈL KAY LA**

SI REVNI ANYÈL KAY OU SE	LÈ SA A REVNI KAY OU PA MWA SE	POU KALIFYE, REVNI PA MWA OU NAN MOMAN AN DWE PI GRAN PASE
\$15,000.00	\$1,250.00	\$416.67
\$20,000.00	\$1,666.67	\$555.56
\$25,000.00	\$2,083.33	\$694.44
\$30,000.00	\$2,500.00	\$833.33
\$35,000.00	\$2,916.67	\$972.22
\$40,000.00	\$3,333.33	\$1,111.11
\$50,000.00	\$4,166.67	\$1,388.89



# SEKSYON 3

## ESTABILIZASYON PRI LWAYE OU

### FASON FINANS DETÈMINE PRI LWAYE ESTABILIZE

Finans ap estabilize pri lwaye ou nan swa kantite lajan pri lwaye ou anvan oswa a 1/3 revni ou pa mwa, kèlkeswa sa ki pi gran an.

Egzanp ki anba la a ap ede eksplike ou kijan nou fè detèminasyon an.



Ale nan tablo ki nan paj 5 lan pou kalkile 1/3 revni pa mwa ou.

### OGMANTASYON KI KONSÈNE KI ENDIKE NAN ESTABILIZASYON PRI LWAYE OU

Egzanp ki anba la a ap ede eksplike ou ogmantasyon ki garanti yo, menmsi ka gen kèk eksepsyon.

#### APATMAN KI GEN PRI LWAYE ESTABILIZE



- Ogmantasyon pri lwaye nan renouvèlman kontra lwaye;
- Ogmantasyon akòz Gwo Amelyorasyon Kapital [Major Capital Improvement (MCI)] ki konpanse pwopriyetè a pou depans modènizasyon nan tout bilding nan tankou yon twati tounèf oswa yon aparèy pou chofe dlo; epi
- Ogmantasyon ki apwouve pou konpanse yon mèt kay ki montre revni li nan lwaye pa konpanse depans li oblije fè (Difikilte Egzije sa).

#### APATMAN KI GEN PRI LWAYE KONTWOLE



- Ogmantasyon nan pri lwaye maksimòm pou peye (MCR);
- Ajisteman nan Pri Gaz [Fuel Cost Adjustments (FCA)] pou konpanse yon mèt kay pou gaz;
- Ogmantasyon akòz Gwo Amelyorasyon Kapital [Major Capital Improvement (MCI)] ki konpanse pwopriyetè a pou depans modènizasyon nan tout bilding nan tankou yon twati tounèf oswa yon aparèy pou chofe dlo; epi
- Ogmantasyon ki apwouve pou konpanse yon mèt kay ki montre revni li nan lwaye pa konpanse depans li oblije fè (Difikilte Egzije sa).

#### APATMAN NAN OTÈL KI GEN PRI LWAYE KONTWOLE



- Ogmantasyon renouvèlman demann pri lwaye oswa ogmantasyon pri lwaye nan renouvèlman kontra lwaye;
- Ogmantasyon akòz Gwo Amelyorasyon Kapital [Major Capital Improvement (MCI)] ki konpanse pwopriyetè a pou depans modènizasyon nan tout bilding nan tankou yon twati tounèf oswa yon aparèy pou chofe dlo; epi
- Ogmantasyon ki apwouve pou konpanse yon mèt kay ki montre revni li nan lwaye pa konpanse depans li oblije fè (Difikilte Egzije sa)

#### MITCHELL-LAMA, DIVIDANN LIMITE, RE-DEVELOPMAN, KOPERATIF SEKSYON 213, OSWA APATMAN KOPERATIF HDFC



- Ogmantasyon nan pri lwaye debaz/aplikasyon frè;
- Frè siplemantè pou sèvis piblik/gaz pou yon ti tan; epi
- Evalyasyon kapital.

**KILÈ SCRIE/DRIE PEYE GWO AMELYORASYON ENPÒTAN [MAJOR CAPITAL IMPROVEMENT (MCI)]?**

Si yo bay MCI 90 jou apre dat yo resevwa premye aplikasyon SCRIE/DRIE, SCRIE/DRIE ap peye li.

**KILÈ SCRIE/DRIE PA PEYE GWO AMELYORASYON ENPÒTAN [MAJOR CAPITAL IMPROVEMENT (MCI)]?**

Si yo pa bay MCI 90 jou apre dat yo resevwa premye aplikasyon SCRIE/DRIE, SCRIE/DRIE p ap peye li.

**KI KALITE FRÈ SCRIE/DRIE PA PEYE?**

- Sèvis tankou konsyèj, bòn oswa gadyen, è-kondisyon oswa entèfòn;
- Nouvo ekipman, mèb oswa lòt akseswa ki nan apatman ou, oswa amelyorasyon elektrik;
- Adisyon, ajisteman oswa lòt amelyorasyon nan apatman endividyèl tankou nenpòt frè siplemantè pou yon ogmantasyon nan kantite moun ki nan apatman an oswa espas siplemantè;
- Depo garanti a;
- Frè lwaye pou garaj ak lòt enstalasyon; epi
- Frè pou sèvis piblik (gaz, kouran elektrik, kab, elatriye).

**MWEN PEYE YON KANTITE LAJAN PRI LWAYE KI PI PITI PASE PRI LWAYE LEGAL (SA RELE SOUVAN PRI LWAYE PREFERANSYÈL), ÈSKE W AP ESTABILIZE PRI LWAYE MWEN NAN KANTITE LAJAN KI PI BA A?**

Anjeneral, nou estabilize pri lwaye nan kantite lajan pri lwaye legal la. Men, gen kèk eksepsyon nan senaryo sa yo:

- Lè yon kondisyon siplemantè kontra lwaye oswa pri lwaye preferansyèl endike yon fason fòmèl pri lwaye ki pi ba a pral rete pandan tout tan moun ki aplike a lwe apatman an; epi
- Pou lokatè k ap viv nan bilding ki resevwa Kredi nan Taks pou Lojman Moun ki pa Touche Ase Revni [Low-Income Housing Tax Credit (LIHTC)].

## MOUN KI APLIKE POU PREMYE FWA

### DOKIMAN POU VOYE BA FINANS

Itilize tablo a pou ede ou òganize anpil kalite dokiman w ap bezwen pou voye ba Finans ansanm avèk aplikasyon ou ranpli a. PA **JANM voye dokiman orijinal** yo, voye kopi yo sèlman. Ale nan paj ki gen “Fòm ak Enfòmasyon pou Pran Kontak” pou jwenn detay sou kote pou soumèt aplikasyon ou ak enfòmasyon ou yo.

#### PRÈV LAJ - VOYE YON KOPI NENPÒT NAN DOKIMAN SA YO

Dosye batèm	Batistè
Paspò Ameriken	Lisans Chofè
Idantifikasyon ki pa Lisans Chofè	Lèt dokiman federal, dokiman leta oswa dokiman lokal ki gen dat ou fèt

#### PRÈV REVNI - VOYE YON KOPI TOUT SA KI APLIKE

Deklarasyon Taks Federal ak Taks Leta sou Revni	Fòm W2
1099-SSA	Lèt SSI
1099-R	Chomaj/1099-G, Enterè 1099
Lèt avantaj èd piblik	Bank or brokerage account year end statement
Etadkont pansyon/anwite	Etadkont avantaj sekirite sosyal (SSA/SSI/SSD)
Etadkont bidjè èd piblik	Lèt siyen pansyonè ki endike peman lwaye
Student status letter for any non-working students living in your household	
Lèt zanmi/manm fanmi siyen ki endike kantite èd lajan	
<b>POU DRIE SÈLMAN - Voye yon kopi Avi Lèt Rekonpans pou youn nan sa yo</b> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income (SSI)) Federal;</li> <li>• Asirans Federal pou Andikap nan Sekirite Sosyal (Social Security Disability Insurance (SSDI));</li> <li>• Pansyon oswa konpansasyon pou andikap nan Depatman Afè Veteran Etazini (U.S. Department of Veterans Affairs); oswa</li> <li>• Medicaid akòz andikap si moun ki aplike a te resevwa swa SSI oswa SSDI anvan.</li> </ul>	

#### APATMAN KI GEN PRI LWAYE ESTABILIZE - VOYE YON KOPI TOUT SA KI APLIKE

Kontra Lwaye – Kontra lwaye anvan ak kounye a oumenm ak mèt kay ou siyen
Kondisyon sipleman (pri lwaye preferansyèl (si genyen))
Kredi nan Taks sou Kay pou Moun ki pa Touche Ase Revni [Low Income Housing Tax Credit (LIHTC)] oswa kondisyon sipleman 80/20 oswa 60/40 (si genyen)
Lòd MCI DHCR apwouve (Gwo Amelyorasyon Enpòtan)

## SEKSYON 4: MOUN KI APLIKE POU PREMYE FWA

<b>APATMAN KI GEN PRI LWAYE ESTABILIZE - VOYE YON KOPI TOUT DOKIMAN SA YO</b>
Avi pou Pri Lwaye Maksimòm pou Peye (fòm RN 26) pou ane anvan ak ane kounye a
Rapò pwopriyetè a ak Sètifika Ajisteman Pri Gaz (Fòm RA33.10) pou ane anvan ak ane kounye a
<b>APATMAN NAN OTÈL KI GEN PRI LWAYE ESTABILIZE - VOYE YON KOPI NAN YOUN NAN DOKIMAN SA YO</b>
Enskripsyon anyèl pou apatman DHCR pou ane anvan an ak ane kounye a ansanm avèk yon lèt siyen Administrasyon an oswa Pwopriyetè a ki endike pri lwaye nan moman an ak pri lwaye anvan an.
Lis Pri Lwaye DHCR
DHCR approved MCI (Major Capital Improvement) order
<b>MITCHELL-LAMA, KONPAYI LOJMAN DIVIDANN LIMITE, KONPAYI RE-DEVELOPMAN</b>
<b>POU DRIE - VOYE YON KOPI TOUT DOKIMAN SA YO</b>
Lòd Manm Komisyon Konsèvasyon ak Devlopman Lojman [Housing Preservation & Development (HPD)] oswa Divizyon Lojman ak Renouvèlman Kominote [Division of Housing & Community Renewal (DHCR)]
Dokiman pri lwaye a oswa lèt biwo administrasyon ou ki endike dat kòmansman an ak kantite lajan ki nan dènye dokiman
Evalyasyon Kapital nan ogmantasyon pri lwaye a
Deklarasyon sou Sèman konsènan revni moun nan kay la pou ane anvan an
<b>POU SCRIE - KONTAKTE DEPATMAN KONSÈVASYON LOJMAN</b>
Se Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman [Department of Housing Preservation & Development (HPD)] ki nan adrès 100 Gold Street, Room 7M, New York, NY 10038, ki administre pwogram nan. Pou jwenn aplikasyon yo ak plis enfòmasyon, rele nimewo 212-863-8494 oswa ale sou sitwèb <a href="http://nyc.gov/hpd">nyc.gov/hpd</a>
<b>KONPAYI FON DEVELOPMAN POU LOJMAN [HOUSING DEVELOPMENT FUND COMPANY (HDFC)]</b>
<b>POU DRIE - VOYE YON KOPI TOUT SA KI APLIKE</b>
Yon Avi pou Pri Lwaye/Ogmantasyon Frè Administrasyon HDFC siyen
Renouvèlman kontra lwaye ki siyen (si genyen)
<b>POU SCRIE - KONTAKTE DEPATMAN KONSÈVASYON LOJMAN</b>
Se Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman [Department of Housing Preservation & Development (HPD)] ki nan adrès 100 Gold Street, Room 7M, New York, NY 10038, ki administre pwogram nan. Pou jwenn aplikasyon yo ak plis enfòmasyon, rele nimewo 212-863-8494 oswa ale sou sitwèb <a href="http://nyc.gov/hpd">nyc.gov/hpd</a>

**SI YON LÒT MOUN NAN KAY LA GEN SCRIE OSWA DRIE DEJA,  
ÈSKE YON LÒT MOUN NAN KAY LA KAPAB APLIKE POU SCRIE?**

Non. Lalwa pa pèmèt yon kay gen SCRIE ak DRIE anmenmtan.

**ÈSKE MWEN KAPAB APLIKE POU PWOGRAM NAN SI SE  
PREMYE KONTRA LWAYE MWEN NAN APATMAN MWEN  
OSWA MENMSI MWEN PA T RESEVWA YON OGMANTASYON  
NAN PRI LWAYE A?**

Wi. Menmsi ou pa t resevwa yon ogmantasyon nan dènye kontra lwaye ou, si yo apwouve li, ou p ap peye okenn fiti ogmantasyon.

**ÈSKE MWEN BEZWEN PÈMISYON MÈT KAY LA POU MWEN  
APLIKE?**

Non. Kalifikasyon ou baze sou aplikasyon ou ak dokiman sipò ou yo.

**ÈSKE MÈT KAY LA KAPAB REFIZE PATISIPE NAN PWOGRAM  
EGZANPSYON NAN OGMANTASYON PRI LWAYE?**

Non. Si ou kalifye, ou gen dwa pou avantaj yo dapre lalwa. Mèt kay yo pa kapab anpeche yon lokatè patisipe nan pwogram nan.

**ÈSKE MÈT KAY MWEN KAPAB DEGÈPI MWEN POUTÈT MWEN  
PEYE YON PRI LWAYE KI PI BA PASE LÒT LOKATÈ YO?**

Non. Mèt kay ou pa kapab degèpi ou paske w ap patisipe nan pwogram nan.

**ÈSKE AVANTAJ LA AP PWOTEJE MWEN KONT DEGÈPISMAN?**

Non. Gen yon kantite rezon ki fè mèt kay yo pa kapab degèpi lokatè yo nan apatman yo, tankou lè yo pa peye lwaye alè. Lè w ap resevwa avantaj SCRIE/DRIE sa pa ba ou pwoteksyon kont degèpisman.



## SEKSYON 5

# APLIKASYON OU SOUMÈT. SA POU FÈ KOUNYE A?

Lèt apwobasyon ou gen yon nimewo rejis epi nimewo sa a se sèl oumenm ki genyen li. Nimewo rejis ou ap endike sou chak dokiman nou voye ba pa lapòs konsènan avantaj ou. Sonje pou mete nimewo rejis ou sou tout korespondans ou avèk Depatman Finans (Department of Finance).

### METÒD REVIZYON AK AVI

- Finans ap revize aplikasyon ou pou detèmine si ou kalifye.
- Ou dwe kontinye peye lwaye ou ak nenpòt ogmantasyon ou resevwa jouk lè Finans fè ou konnen yo apwouve ou.
- W ap resevwa yon lèt nan 45 jou k ap fè ou konnen sitiyasyon aplikasyon ou. Lèt la ap fè ou konnen si yo apwouve aplikasyon ou, si yo bay refi pou aplikasyon ou oswa si li nesèsè pou ou bay plis dokiman.

#### 1. APLIKASYON NOU APWOUVE

W ap resevwa yon lèt apwobasyon k ap detaye:

- Kantite Lajan Pri Lwaye ki Estabilize a;
- Kantite Lajan Finans ap kredite mèt kay ou; epi
- Dat peryòd avantaj ou ap kòmanse ak dat l ap fini (Pa egzanp, si nou resevwa aplikasyon ou nan dat 15 me, epi si nou apwouve ou, peryòd avantaj ou ap kòmanse 1ye jwen).

Mèt kay ou ap resevwa yon lèt apwobasyon tou. Si ou gen yon reprezantan lokatè nan dosye, l ap resevwa yon kopi lèt apwobasyon ouwa lèt refi tou.

#### 2. APLIKASYON NOU REFIZE

W ap resevwa yon lèt, k ap endike rezon (yo) ki fè ou pa kalifye. Ou gen dwa pou fè yon kontestasyon. Gade paj apre a ki gen seksyon "Fason Pou Konteste" pou jwenn plis enfòmasyon.

#### 3. DEMAND ENFÒMASYON

W ap resevwa yon lèt k ap mande pou ou bay plis dokiman anvan nou kapab pran yon desizyon sou aplikasyon ou.

## FASON POU KONTESTE

Ou dwe soumèt yon aplikasyon pou kontestasyon ak tout dokiman sipò yo. Nou dwe resevwa fòm kontestasyon an nan 60 jou apre dat Finans te voye lèt desizyon an ba ou. Ale nan paj "Enfòmasyon pou Pran Kontak" pou jwenn enfòmasyon sou fason pou voye fòm nan pa lapòs. Ou pa kapab soumèt yon lèt kontestasyon pou youn nou te bay refi deja.

## LÈ AVANTAJ OU FINI

Dat avantaj ou ap fini endike nan lèt apwobasyon an. Dat finisman an depannde kalite apatman ou genyen ak lè nou te apwouve ou. Si w ap viv nan yon:

### APATMAN KI GEN PRI LWAYE ESTABILIZE

Avantaj ou ap fini nan dat ekspirasyon kontra lwaye ou nan moman an. Pa egzanp, si ou te aplike nan dat 15 me 2014 epi kontra lwaye ou nan moman an ap ekspire 31 me 2015, avantaj ou ap fini 31 me 2015 tou.

### APATMAN NAN OTÈL KI GEN PRI LWAYE KONTWOLE

Avantaj ou ap fini nan dat ekspirasyon demann ou/ avi ogmantasyon pri lwaye a oswa kontra lwaye a. Pa egzanp, si ou te aplike nan dat 15 me 2014 epi avi ogmantasyon pou demann pri lwaye ou oswa kontra lwaye ou nan moman an ap ekspire 31 me 2015, lè sa a avantaj ou ap fini 31 me 2015 tou.

### APATMAN KI GEN PRI LWAYE KONTWOLE

Avantaj ou ap fini 31 desanm ane enpè k ap vini an. Pa egzanp, si ou te aplike nan dat 15 me 2014, avantaj ou ap fini 31 desanm 2015.

### MITCHELL-LAMA, DIVIDANN LIMITE, RE-DEVELOPMAN, KOPERATIF SEKSYON 213, OSWA APATMAN KOPERATIF HDFC

Avantaj ou ap fini yon ane apre dat DRIE kòmanse. Pa egzanp, si dat kòmansman an se 1ye me 2014, dat ekspirasyon an ap 30 avril 2015.

**SI LI PRAN KÈK MWA POU YO APWOUVE APLIKASYON MWEN, ÈSKE MÈT KAY MWEN AP RESEVWA YON KREDI RETWO-AKTIF?**

Wi. Pa egzanp, si nou resevwa aplikasyon ou 15 me men nou pa apwouve aplikasyon ou jouk 15 out, avantaj ou ap kòmanse 1ye jwen.

**SI YO BAY MÈT KAY MWEN YON KREDI RETWO-AKTIF, ÈSKE MWEN KA MANDE POU LI BAN MWEN KREDI A NAN YON PEMAN AN LAJAN KACH?**

Mèt kay la gen obligasyon pou ba ou kredi pou peman lwaye ou te fè yo. Mèt kay la kapab deside kijan pou li ba ou kredi retwo-aktif sa a.

**ÈSKE M AP RESEVWA YON CHÈK NAN FINANS SI YO APWOUVE MWEN?**

Non. Finans pa fè okenn kalite peman dirèk. Pwogram nan bay mèt kay yo yon kredi taks sou pwopriyete ki egal a diferans ant kantite lajan pri lwaye estabilize a ak kantite lajan pri lwaye ogmante a.

**APLIKASYON AN MANDE POU GEN YON REPREZANTAN LOKATÈ, ÈSKE MWEN BEZWEN YOUN?**

Non. Men, yon reprezantan lokatè ap resevwa diplikata kopi chak lèt nou voye ba ou konsènan avantaj ou yo. Nou rekòmande ou toutbon pou ou chwazi yon moun ki pou reprezantan lokatè ou.

## RENOUVÈLMAN AVANTAJ OU

Si ou pa resevwa aplikasyon renouvèlman an, se **RESPONSABLITE OU** pou jwenn ak soumèt yon aplikasyon renouvèlman oswa avantaj ou fini. Ale nan seksyon "Fòm ak Aplikasyon yo".

### APLIKASYON POU RENOUVÈLMAN

- Finans ap voye ba yon aplikasyon pou renouvèlman a peprè 60 jou anvan avantaj ou fini. Objektif nou se pou asire yon renouvèlman fèt alè san sispansyon nan avantaj ou yo.
- Ou gen responsablite pou renouvle avantaj ou. Lè ou resevwa lèt apwobasyon avantaj ou, l ap gen dat avantaj ou ap fini ladan.
- Si ou pa renouvle, avantaj ou ap fini nan dat finisman ki endike nan lèt apwobasyon ou.

### DOKIMAN KI OBLIGATWA POU SOUMÈT AVÈK RENOUVÈLMAN

Ou dwe soumèt tout dokiman revni pou tout moun ki lakay ou pou ane anvan renouvèlman ou ansanm avèk aplikasyon ou siyen an. Gade tablo ki nan paj 9 la pou jwenn kèk egzanp "Prè Revni".

### APATMAN KI GEN PRI LWAYE ESTABILIZE

Voye nouvo renouvèlman kontra lwaye ou ki gen siyati ou ak siyati mèt kay ou.

### APATMAN KI GEN PRI LWAYE KONTWOLE

Ekspirasyon yon avantaj pri lwaye kontwole pa toujou tonbe menm dat avèk lè nou bay yon nouvo avi MBR oswa Ajisteman Pri Gaz. Li gen ladan enfòmasyon sa yo sou genyen yo la oswa lè yo vin disponib.

### APATMAN NAN OTÈL KI GEN PRI LWAYE KONTWOLE

Voye lèt ogmantasyon pri lwaye mèt kay la ba ou a.

### **MITCHELL-LAMA, DIVIDANN LIMITE, RE-DEVELOPMAN, KOPERATIV SEKSYON 213, AK APATMAN KOPERATIV HDFC**

Si apatman ou te gen yon ogmantasyon nan pri lwaye/ogmantasyon nan frè administrasyon depi dènye lèt apwobasyon DRIE ou, tanpri voye yon dènye dokiman ki gen lis pri lwaye a oswa yon lèt ki gen ogmantasyon pri lwaye ou resevwa nan konsèy administrasyon HDFC ou. Dokiman sa yo ta dwe montre dat kòmansman ogmantasyon an, ak kantite pri lwaye a anvan ak apre dat ogmantasyon an. Ou pa ka kapab itilize yon fòm "Konfimasyon Moun ki Aplike pou Renouvèlman an san yon Kontra Lwaye" pou kèk peryòd renouvèlman youn-apre-lòt.

### **KISA POU MWEN FÈ SI MWEN PA GEN YON RENOUVÈLMAN KONTRA LWAYE?**

Tanpri fè tout efò ki posib pou jwenn kontra renouvèlman lwaye a ki gen siyati mèt kay la ak lokatè a oswa yon lèt ogmantasyon pri lwaye a. Si ou pa kapab, lè sa a ou dwe soumèt yon fòm "Konfimasyon Moun ki Aplike pou Renouvèlman an san yon Kontra Lwaye".

- Tanpri soumèt fòm sa a ak aplikasyon pou renouvèlman an, ansanm avèk etadkont lwaye/resi ki endike kantite lajan pri lwa a ak yon plent DHCR te fè Divizyon Lojman ak Renouvèlman Kominote Eta New York (New York State Division of Housing and Community Renewal).
- Depi ou resevwa yon kopi kontra lwaye ou, ou dwe voye li nan Finans.
- Si nou renouvle avantaj ou, kantite lajan pri lwaye estabilize ou ap rete menm jan, men kredi mèt kay la (TAC) p ap ogmante jouk lè ou bay yon kopi siyen renouvèlman kontra lwaye a ba Finans.

**KIJAN POU MWEN TCHEKE SITIYASYON APLIKASYON POU RENOUVÈLMAN MWEN AK AVANTAJ MWEN?**

Finans pibliye Rapò sou Sitiyasyon Lokatè yo sou sitwèb li. Yo mete rapò sa yo ajou a peprè chak 1-2 semèn.

- Nimewo rejis ou endike nan lèt apwobasyon an epi li endike sou chak dokiman nou voye ba ou pa lapòs konsènan avantaj ou.
- Gen yon Rapò sou Sitiyasyon Lokatè pou chak minisipalite. Rapò a klase selon nimewo rejis. Pou jwenn rapò a ale sou sitwèb [www.nyc.gov/rentfreeze](http://www.nyc.gov/rentfreeze).

**ÈSKE MÈT KAY MWEN AP RESEVWA KREDI LI SI LI BLIYE RENOUVLE ALÈ?**

Non. Mèt ou ap sispann resevwa kredi yo si avantaj ou fini epitou si avantaj ou pa renouvle.

**ÈSKE GEN YON PERYÒD-DE-GRAS MÈT KAY MWEN DWE KONTINYE POU RESPEKTE PRI LWAYE ESTABILIZE MWEN?**

Wi. Mèt kay ou gen obligasyon legal pou kontinye avantaj ou pandan sis (6) mwa apre avantaj ou fini, menmsi ou potko renouvle.

**KISA POU MWEN FÈ SI MWEN PA RENOUVLE AVANTAJ MWEN MEN MWEN KONTINYE PEYE KANTITE LAJAN PRI LWAYE ESTABILIZE MWEN PANDAN PERYÒD-DE-GRAS SIS (6) MWA YO?**

W ap responsab pou ranbouse mèt kay ou pou diferans ant kantite lajan pri lwaye estabilize a ak kantite lajan pri lwaye legal ou pou peryòd-de-gras sis (6) mwa yo.

## SEKSYON 7

# CHANJMAN PANDAN PERYÒD AVANTAJ LA

### OU AL ABITE NAN YON LÒT APATMAN?

Si ou chanje adrès pou ale nan yon lòt apatman ki gen pri lwaye kontwole, ou dwe soumèt yon "Aplikasyon pou Transfè Avantaj Apatman" nan 60 jou anvan oswa apre ou demenaje. Gade "Fòm ak Aplikasyon yo" nan paj 23.

- Si ou toujou kalifye nan nouvo adrès ou, kantite lajan kredi rabè sou taks la p ap chanje. Men, kantite lajan pri lwaye estabilize ou p ap chanje selon nouvo kantite lajan pri lwaye legal ou.

### FASON FINANS AP DETÈMINE NOUVO KANTITE LAJAN PRI LWAYE ESTABILIZE MWEN NAN NOUVO APATMAN AN



**KISA K AP PASE SI YO OGMANTE PRI LWAYE MWEN AKÒZ YON GWO AMELYORASYON ENPÒTAN [MAJOR CAPITAL IMPROVEMENT (MCI)] PANDAN PERYÒD AVANTAJ MWEN?**

Pri lwaye estabilize ou ap rete menm jan, men se responsablite ou pou soumèt lòd MCI ou ansanm avèk yon "Aplikasyon pou Ajisteman Kredi Rabè sou Taks [Tax Abatement Credit (TAC)] ba inite SCRIE/DRIE. Gade "Fòm ak Aplikasyon yo" nan paj 23.

**M AP RESEVWA DRIE NAN MOMAN AN EPI MWEN TE GEN LAJ 62 ZAN. ÈSKE MWEN GEN POU TRANSFERE NAN SCRIE?**

Non. Toulède pwogram yo se menm. Pa gen avantaj siplemantè pou transfere ant DRIE ak SCRIE.

**KISA K AP PASE NAN AVANTAJ MWEN YO LÈ MWEN MOURI?**

Yo dwe fè finans konnen sa nan 60 jou. N ap anile avantaj yo apati premye jou mwa a apre dat lanmò a.

**ÈSKE FANMI MWEN KAPAB ERITYE AVANTAJ MWEN YO?**

Non. Pa gen dwa pou siksesyon otomatik nan avantaj SCRIE/DRIE. Men, yon moun nan kay la ki vivan ka kalifye pou yon transfè avantaj SCRIE/DRIE ou.

- Sa kapab fèt sèlman si ou te endike non moun nan ak sous revni li sou aplikasyon SCRIE ou oswa sou fòm renouvèlman yo;
- Moun ki vivan an dwe kalifye pou pwogram nan tou; epi
- Moun ki vivan an dwe se lokatè legal apatman an oswa mèt kay la dwe akòde li dwa siksesyon nan apatman an.



**KIJAN POU YON MANM FANMI MWEN APLIKE POU RESEVWA AVANTAJ MWEN YO?**

Yon moun nan kay la ki vivan ki kalifye pou yon transfè avantaj SCRIE/DRIE ta dwe soumèt yon "Aplikasyon pou Pran Kontwòl Avantaj yo." Kondisyon pou kalifye ak dokiman ki nesèsè pou pran kontwòl yon avantaj endike sou aplikasyon an. Gade "Fòm ak Aplikasyon yo" nan paj 23.

**ÈSKE PRI LWAYE ESTABILIZE MWEN KAPAB REDUI SI GEN YON DIMINISYON NAN REVNI MOUN NAN KAY LA?**

Gen yon pèt revni enpòtan akòz yon moun nan kay ki mouri oswa ki ale nèt nan yon kay retrèt oswa ki kite kay la nèt. Si sa rive, lokatè a ka kalifye pou yon re-detèminasyon avantaj yo. Pou kalifye pou yon re-detèminasyon dwe gen yon diminisyon pèmanan 20% oswa plis nan revni total kay la jan sa endike nan dènye aplikasyon SCRIE/DRIE ki apwouve a. Lokatè ki rete a dwe soumèt "Aplikasyon pou Re-Detèminasyon" an nan 60 jou apre dat chanjman an te fèt. Gade "Fòm ak Aplikasyon yo" nan paj 23.

**KISA POU MOUN NAN KAY LA KI VIVAN FÈ SI LI KALIFYE POU DRIE MEN PA POU SCRIE?**

Si yon moun nan kay la ki vivan kalifye pou DRIE men pa pou SCRIE, li ta dwe soumèt yon "Aplikasyon pou Transfè SCRIE <—> DRIE." Kondisyon pou kalifye a, ak dokiman ki nesèsè pou soti nan SCRIE epi pou antre nan DRIE endike nan "Aplikasyon pou Transfè SCRIE <—> DRIE". Gade "Fòm ak Aplikasyon yo" nan paj 23.

---

# GLOSÈ TÈM YO

## **APPROVAL/DENIAL/REVOCATION ORDER / LÒD APWOBASYON/REFI/ANILASYON**

Avi Finans voye ba ou pou fè ou konnen sitiyasyon aplikasyon ou: Apwouve, jwenn refi oswa anile.

## **BOARDER / PANSYONÈ**

Yon moun ki pa yon manm fanmi lokatè ki sou dosye. Pansyonè yo pa kalifye pou Pran Kontwòl Avantaj yo. Paske yo pa mete revni yon pansyonè nan kalkil revni kay la, lokatè a pa kalifye pou yon re-detèminasyon si pansyonè a kite kay la.

## **DHCR**

Divizyon Lojman ak Renouvèlman Kominote Eta New York (New York State Division of Housing and Community Renewal), ajans ki responsab pou administre lwa kontwòl pri lwaye Eta New York.

## **NIMEWO REJIS**

Sèl nimewo idantifikasyon nou bay pou chak moun ki aplike. Se fason ki pi fasil pou ale nan dosye ou.

## **DRIE**

Egzanpsyon nan Ogmantasyon Pri Lwaye pou Moun Andikape (Disability Rent Increase Exemption), bay lokatè kalifye k ap resewva konpansasyon federal akòz yon andikap, yon egzansyon nan peman pifò ogmantasyon pri lwaye.

## **EXEMPTIBLE RENT INCREASE / OGMANTASYON KI KA JWENN EGZANPSYON NAN PRI LWAYE**

Yon ogmantasyon Komisyon Gid Pri Lwaye oswa DHRC otorize pou jwenn egzansyon avèk DRIE ak SCRIE. Egzanp: Gwo Amelyorasyon Enpòtan, Ajisteman Pri Gaz, oswa ogmantasyon Pri Lwaye Debaz Maksimòm.

## **EXEMPTION PERIOD / PERYÒD EGZANPSYON**

Peryòd ki gen pou wè ak peryòd egzansyon nan pri lwaye DRIE/SCRIE ou.

## **FINANCE / FINANS**

Depatman Finans Vil New York (New York City Department of Finance), ajans ki alatèt pwogram SCRIE ak DRIE.

## **FROZEN RENT / PRI LWAYE ESTABILIZE**

Kantite lajan pri lwaye ou dwe peye mèt kay ou.

## **FUEL COST ADJUSTMENT INCREASE / OGMANTASYON AKÒZ AJISTEMAN PRI GAZ**

Yon ogmantasyon pou konpanse yon ogmantasyon nan pri gaz chofaj toudenkou pandan ane anvan an. DHCR dwe verifye sa.

## **HOUSEHOLD REVENUE / REVNI MOUN KI NAN KAY LA**

Revni chak moun k ap viv nan yon kay. Si ou lwe yon chanm ba yon moun, ou pa ta dwe mete revni moun nan, men ou dwe mete kantite lajan moun nan peye ou kòm yon pati nan revni ou.

## **LEGAL RENT / PRI LWAYE LEGAL**

Pri lwaye maksimòm yon mèt kay kapab fè yon lokatè peye pou yon apatman ki gen pri lwaye kontwole. Chak ane, mèt kay la dwe anrejistre pri lwaye legal la nan DHCR.

## **MAJOR CAPITAL IMPROVEMENT (MCI) / GWO AMELYORASYON ENPÒTAN**

Yon ogmantasyon DHCR otorize pou konpanse yon mèt kay pou depans modènizasyon nan bilding nan, tankou yon nouvo twati oswa yon aparèy pou chofe dlo.

## **MAXIMUM BASE RENT (MBR) / OGMANTASYON PRI LWAYE DEBAZ MAKSIMÒM**

Pi gwo kantite lajan yon mèt kay kapab ogmante pri lwaye a selon otorizasyon DHCR pou apatman ki gen pri lwaye kontwole.

## **MAXIMUM COLLECTIVE RENT (MCR) / PRI LWAYE MAKSIMÒM POU PEYE**

Pi gwo kantite lajan yon mèt kay kapab ogmante pri lwaye a selon otorizasyon DHCR pou apatman ki gen pri lwaye kontwole.

## **MITCHELL-LAMA**

Yon Dividann Limite, Re-Devlopman, Koperativ Seksyon 23, oswa apatman koperativ HDFC.

## **PREFERENTIAL RENT / PRI LWAYE PREFERANSYÈL**

Pri lwaye yon pwopriyete kay mande yon lokatè pou peye epi pri lwaye a pi piti pase pri lwaye kontwole legal ki anplas.

## **RENT CONTROLLED APARTMENT / APATMAN KI GEN PRI LWAYE KONTWOLE**

Apatman moun abite ki gen limit nan kantite lajan yon mèt kay kapab fè yon lokatè peye pou lwaye. Pou kalifye pou pri lwaye kontwole, yon lokatè te dwe ap viv san rete nan yon apatman depi 1ye jiyè 1971.

## **RENT DEMAND RENEWAL / RENOUVÈLMAN DEMANN PRI LWAYE**

Ogmantasyon pri lwaye pou apatman otèl ki kontwole jan Komite Gid Pri Lwaye Vil New York detèmine sa.

## **RENT REGULATED APARTMENT OR UNIT / APATMAN OSWA INITE KI GEN PRI LWAYE KONTWOLE**

Yon apatman oswa yon inite lojman ki gen swa pri lwaye kontwole oswa pri lwaye estabilize.

## **RENT REGULATED HOTEL UNIT / INITE OTÈL KI GEN PRI LWAYE KONTWOLE**

Yon apatman otèl ki gen pri lwaye estabilize.

## **RENT STABILIZED APARTMENT / APATMAN KI GEN PRI LWAYE ESTABILIZE**

Apatman moun abite ki kontwole dapre lalwa yon fason pou ogmantasyon pri lwaye a pa depase yon sèten kantite lajan. Nan Vil New York, se Komite Gid Pri Lwaye ki kontwole li.

## **SCRIE**

Egzanpsyon nan Ogmantasyon Pri Lwaye pou Granmoun Aje (Senior Citizen Rent Increase Exemption), bay granmoun aje kalifye ki gen laj 62 zan ak plis yon egzansyon nan peman pifò ogmantasyon pri lwaye.

## **TAC**

Kredi Rabè sou Taks. Kantite lajan yo bay kredi sou bòdwo taks sou pwopriyete mèt kay la pou SCRIE oswa DRIE.

# FÒM AK APLIKASYON YO

## EGZANPSYON NAN OGMANTASYON PRI LWAYE POU MOUN KI ANDIKAPE (NYC RENT INCREASE EXEMPTION) PREMYE APLIKASYON

Itilize aplikasyon sa a pou aplike pou pwogram SCRIE oswa DRIE pou 1ye fwa. Pa aplike pou toulède.

## APLIKASYON POU RENOUVÈLMAN

Itilize aplikasyon sa a pou renouvle avantaj ou yo. Si ou pa resevwa yon aplikasyon pou renouvèlman pa lapòs, se oumenm ki responsab pou jwenn ak soumèt aplikasyon pou renouvèlman an oswa avantaj ou yo ap fini.

## KONFIMASYON DAPRE RENOUVÈLMAN MOUN KI APLIKE SAN YON KONTRA LWAYE

Itilize fòm sa a, anplis yon "Aplikasyon pou Renouvèlman", alapas yon kontra lwaye si ou te fè anpil tantativ pou resevwa yon kontra lwaye siyen nan men mèt kay ou epi toujou poko resevwa youn.

## TRANSFÈ AVANTAJ APATMAN APLIKASYON

Itilize fòm sa a si ou ale nan yon apatman ki gen pri lwaye kontwole epi si ou ta renmen transfere avantaj ou yo.

## FÒM YO DISPONIB



### SOU ENTÈNÈT

[nyc.gov/rentfreeze](https://nyc.gov/rentfreeze)



### RELE 311



### SÈVIS RELÈ

212-639-9675

### APLIKASYON POU PRAN KONTWÒL AVANTAJ YO

Itilize fòm sa a pou aplike pou pran kontwòl avantaj yon benefisyè ki kite apatman an nèt.

### APLIKASYON POU RE-DETÈMINASYON

Itilize aplikasyon sa a pou aplike pou yon re-detèminasyon kantite lajan pri lwaye estabilize ou paske ou gen yon pèt pèmanan 20% oswa plis nan revni total moun lakay ou parapò avèk revni ou te rapòte nan dènye aplikasyon apwouve ou.

### APLIKASYON POU TRANSFÈ SCRIE <----->DRIE

Itilize fòm sa a pou transfere ant pwogram SCRIE ak DRIE oswa ant pwogram DRIE ak SCRIE.

### APLIKASYON POU KONTESTASYON

Itilize fòm sa a pou konteste yon desizyon SCRIE oswa DRIE te pran nan 60 jou ki vini dapre dat lòd desizyon an.

### APLIKASYON POU AJISTEMAN KREDI RABÈ SOU TAKS [TAX ABATEMENT CREDIT (TAC)]

Itilize fòm sa a si w ap resevwa yon avantaj SCRIE/DRIE nan moman an epi si ou vle aplike pou yon ajisteman akòz yon chanjman nan TAC, ajisteman pri gaz, ogmantasyon MCI oswa rediksyon J-51.

## OU GEN KESYON? ÈSKE OU BEZWEN ÈD?

Pou jwenn enfòmasyon jeneral sou Pwogram Egzanpsyon nan Ogmantasyon Pri Lwaye Vil New York



### VIZIT

- Sant pou granmoun aje,
- Biwo lokal ofisyèl ou ki pase nan eleksyon, Manm Komite, Manm Asanble, oswa Senatè Eta a



### SOU ENTÈNÈT

[nyc.gov/rentfreeze](http://nyc.gov/rentfreeze)



### POUKONT OU

Sant SCRIE/DRIE  
Finans san Randevou  
Lendi jiska vandredi,  
8:30 a.m. - 4:30 p.m.  
66 John Street, 3rd Floor  
New York, New York 10038



### RELE 311



### SÈVIS RELÈ

212-639-9675

**POU APLIKE, SOUMÈT APLIKASYON OU AK KOPI  
TOUT DOKIMAN KI OBLIGATWA YO**

 **VOYE YON LÈT BA**

**MOUN KI APLIKE POU SCRIE**

New York City Department of  
Finance  
SCRIE UNIT  
59 Maiden Lane, 22nd Floor  
New York, NY 10038

**MOUN KI APLIKE POU DRIE**

New York City Department of  
Finance  
DRIE UNIT  
59 Maiden Lane, 22nd Floor  
New York, NY 10038



scrie@finance.nyc.gov

drie@finance.nyc.gov



Sant SCRIE/DRIE Finans San Randevou (gade paj anvan an)

 **VOYE YON LÈT BA**

**POU FÈ YON KONTESTASYON, VOYE FÒM KONTESTASYON  
AN AK TOUT DOKIMAN SIPÒ YO**

**MOUN KI APLIKE POU SCRIE**

New York City Department of  
Finance  
SCRIE Appeals  
59 Maiden Lane, 22nd Floor  
New York, NY 10038

**MOUN KI APLIKE POU DRIE**

New York City Department of  
Finance  
DRIE Appeals  
59 Maiden Lane, 22nd Floor  
New York, NY 10038



**Finance**  
Jacques Jaha, Ph.D.  
Commissioner

Rev. 02.04.2015 (Haitian Creole)